

Se pou gen limyè!

Pa Èldè Quentin L. Cook

Nan Kolèj Douz Apot yo

*Nan mond nou an k ap grandi nan enjistis la, li esansyèl pou valè ki baze sou kwayans relijye yo fè pati diskou piblik yo.*

Mwa pase a m sot selebre anivèsè mwen. Kòm kado, madanm mwen, Mary, te ban m yon CD ki gen chan lespwa ak lafwa, chante pa yon chantè Anglè renome ki rele Vera Lynn ki te enspire moun ki te konn koute li pandan epòk difisil Dezyèm Gè Mondyal la.

Gen yon rezon k fè madanm mwen te ban m kado sa a. Bonbadman Lond la an Septanm 1940 la te kòmanse lavè jou m te fèt la.<sup>1</sup> Manman m, ki t ap koute resi envazyon Lond la nan radyo nan chanm lopital la, te deside pou l te ban m non moun ki t ap pale nan radyo a, ki te rele Quentin.

Chantè fi a, Vera Lynn, gen 93 an kounyeya. Ane pase yo te reparèt ak kèk nan chan l te fè pou lagè yo e imedyatman yo te atenn tòp nivo nan tablo mizikal la an Angletè. Sa nou pamí nou yo ki yon tijan pi gran yo ap sonje kèk nan chante tankou “The White Cliffs of Dover.”

Youn nan chan yo ki te rele “Lè limyè reprann ankò (nan tout mond lan)” te pwofondeman touche mwen. Chante a te pote de panse nan lespri m---premyèman, pawòl pwofesik yon diplomat anglè; “Lanp yo ap etenn sou tout Ewòp la. Nou pa p wè yo limen ankò nan tan pa nou an;”<sup>2</sup> e dezyèman, bonbadman k te dirije sou vil Anglè tankou Lond. Pou te rann ni pi difisil pou atakan yo te jwenn yon sib, yo te fè blakawout. Yo te etenn limyè yo epi yo te kouvri fenèt yo.

Chan an te reflete yon espwa optimis ke libète ak limyè t ap gen pou retabli. Pou sila nan pamí nou yo ki konprann wòl Sovè a ak Limyè Kris la3 nan konfli aktyèl ant byen ak mal la, analogi ant mond lagè sa a ak konfli moral ki egziste jodi a klè. Se pa mwayen Limyè Kris la ke tout limanite “kapab konnen byen ak mal.”<sup>4</sup>

Libète ak limyè pa janm fasil pou atenn ni konsève. Depi Lagè nan Syèl la fòs mal yo itilize tout mwayen posib pou yo detwi libète ak etenn limyè. Atak sou prensip moral ak libète relijyon an pa t janm te pi fò pase kounyeya.

Antanke Sen Dènye Jou nou bezwen fè pi byen nou kapab pou prezèv limyè ak pwoteje fanmi nou ak kominote nou kont atak sou moralite ak libète relijyon sa a.

## Pwoteje fanmi

Yon danje toujou prezan pou fanmi yo se atak fòs mal yo ki sanble ap soti nan tout direksyon. Pandan ke prensipal efò nou dwe se pou chèche limyè ak verite, li t ap saj pou nou ta bloke pwazon mòtèl ki ap detwi developman ak kwasans espirityèl la yo pou anpeche yo antre lakay nou. Pònografi, an patikilye, se yon zam destrikson moral masif. Enpak li an premye plas nan wonje valè moral. Kèk nan pwogram televizyon ak sit Entènèt yo egalman mòtèl tou. Fòs mal sa yo retire limyè ak lespwa nan mond lan. Nivo dekadans yo ap akselere.<sup>5</sup> Si nou pa elimine mal la nan fwaye nou ak nan lavi nou, pa etone si n wè eksplozyon moral devastè yo kraze lapè ki se rekompans moun k ap viv jis yo. Responsabilite nou se pou nou nan mond lan

men pa fè pati mond lan.

Epitou, nou bezwen grandman amelyore obeyisans ak fidelite religye nou nan fwaye nou. Sware familyal chak semèn ak priyè familyal ak etid ekriti yo se bagay ki esansyèl. Nou bezwen entwodui andedan lakay nou bagay “ki gen vèti, ki emab, oubyen ki gen bon rapò oubyen ki atire louwanj”<sup>6</sup> tou. Si nou fè lakay nou tounen kote ki sen ki ap pwoteje nou kont mal, n ap pwoteje kont konsekans negatif ekriti yo predi yo.

## Pwoteje kominate

Anplis pwoteje pwòp fanmi nou, nou dwe yon sous limyè nan pwoteje kominate nou tou. Sovè a te di: “Se pou limyè nou klere devan tout moun, pou lè yo wè tout byen n ap fè, ya fè lwanj Papa nou ki nan Syèl la.”<sup>7</sup>

Yo te dekri epòk nou an kòm “yon tan abondans ak yon epòk dout.”<sup>8</sup> Yo non sèlman kesyone kwayans debaz nan pouvwa ak otorite Bondye, men yo denigre l tou. Nan sikonstans sa yo, kijan nou kapab ankouraje vèti nan yon fason ki pral rezone avèk enkwayan yo ak ensansib yo epi ede kraze desant rapid nan vyolans ak mal la?

Kesyon sa a gen enpòtans kapital. Panse a pwofèt Mòmon ak angwas li lè l te deklare: “Kouman nou te fè rejte Jezi sa a, ki te kanpe avèk bra l ouvè pou l resevwa nou an!”<sup>9</sup> Angwas Mòmon te jistifye epi pitit gason l lan, Mowoni, te rete pou ekri “istwa tris destrikson pèp [li] a.”<sup>10</sup>

Eksperyans pèsònèl mwen nan viv ak rankontre avèk moun toupatou nan mond lan lakoz mwen optimis. Mwen kwè ke limyè ak verite ap prezève nan epòk pa nou an. Nan tout nasyon, gen gwo kantite moun k ap adore Bondye epi ki santi yo responsab anvè li pou konduit yo. Gen kèk obsèvètè ki kwè ke gen yon ogmantasyon lafwa kounyeya.<sup>11</sup> Antanke dirijan Legliz la nou rankontre avèk dirijan lòt religyon e nou twouve ke gen yon fondasyon moral komen ki depase diferans teyolijik yo epi ki ini nou nan aspirasyon nou pou yon pi bon sosyete.

Nou twouve tou ke majorite moun yo toujou gen respè pou valè moral debaz yo. Men pa fè erè: gen moun ki detèmine pou detwi lafwa ak rejte tout enfliyans religye nan sosyete a tou. Gen lòt move moun k ap ekspligate, manipile, ak detwi sosyete a avèk dwòg, pònografi, eksplwatasyon seksyèl, trafik moun, vol, ak pratik biznis malonèt. Pouvwa ak enfliyans moun sa yo gran anpil menmsi kantite yo relativman piti.

Te toujou gen yon batay ant moun lafwa ak moun ki ta renmen elimine religyon ak Bondye nan lavi publik la.<sup>12</sup> Anpil ekspè opinyon nan epòk sa a rejte yon pwendvi moral sou mond lan baze sou valè Judeo/Kretyen. Nan je pa yo pa gen okenn lòd moral ki objektif.<sup>13</sup> Yo kwè ke yo pa dwe akòde okenn preferans ak bi moral.<sup>14</sup>

Sepandan, majorite moun yo anvi rete bon ak onorab. Limyè Kris la, ki diferan ak Sentespri a, enfòme konsyans yo. Nou konnen apati ekriti yo ke Limyè Kris la se “Lespri a ki klere chak moun nan mond lan.”<sup>15</sup> Yo banou limyè sa a “pou byen tout mond lan.”<sup>16</sup> Prezidan Boyd K. Packer te anseye ke sa se yon “sous enspirasyon ke nou chak posede an komèn avèk tout lòt kretyen vivan.”<sup>17</sup> Se poutèt sa anpil moun aksepte valè moral yo menm lè yo fonde sou konviksyon religye ke yo pa pèsònèlman sipòte. Jan nou li nan Mozya nan Liv Mòmon an: “Se pa souvan vwa pèp la vle yon bagay ki kontrè avèk sa ki bon; men, souvan, yon ti gwoup nan pèp la vle sa ki pa bon.” Apresa Mozya avèti: “Si yon lè vwa pèp la chwazi inikite, se lè sa a ijman Bondye ap tonbe sou nou.”<sup>18</sup>

Nan mond nou an k ap grandi nan enpyete a li esansyèl pou valè baze sou kwayans religye yo fè pati diskou

piblik yo. Yo dwe bay pozisyon moral ki baze sou konsyans relijye yo aksè egal nan deba piblik yo. Nan konstitisyon pifò peyi, yo gen dwa pa bay konsyans relijye preferans, men yo pa ta dwe reje 1 tou.<sup>19</sup>

Lafwa relijye se yon sous limyè, konesans, ak sajès epi li fè byen pou sosyete a nan yon fason ekstraòdinè lè moun yo angaje nan konduit moral paske yo santi yo responsab devan Bondye.<sup>20</sup>

De prensip relijye ilistre pwen sa a.

### **Konduit onèt motive pa responsablite devan Bondye**

Trèzyèm Atik Lafwa a kòmanse konsa: “Nou kwè nou dwe onèt.” Onètete se yon prensip ki fonde sou kwayans relijye epi li se youn nan lwa fondamantal Bondye yo.

Sa gen kèk ane, pandan m t ap pratike lalwa nan Kalifòni, yon zanmi kliyan ki pa t manm Legliz nou an te vin wè mwen epi ak gwo antouzyas li te montre m yon lèt li te resevwa nan men youn nan evèk Legliz nou an nan yon pawas nan zòn nan. Evèk la te ekri ke yon manm kongregasyon li, yon ansyen ansyen anplwaye kliyan m nan, te konn pran materyèl nan biwo kliyan m nan epi pou jistifye li li te di ke sete yon ‘anplis’. Men apre ke l te vin yon Sen Dènye Jou angaje epi l t ap eseye suiv Jezikri, anplwaye sa a te rekonèt ke sa l te fè a te malonèt. Nan lèt la, te gen yon montan lajan mesye a te voye pou te kouvri non sèlman pri materyèl yo, men avèk enterè tou. Kliyan m nan te empresyone dèske Legliz la, pa mwayen dirijan l yo t ap ede mesye sa a nan efò li pou rekonsilye avèk Bondye.

Panse sou limyè ak verite ke valè onètete pataje genyen nan mond Judeo/Kretyen an. Panse sou enpak sa t ap genyen sou sosyete a si jèn yo pa t kopye nan lekòl, si adilt yo te onèt nan lye travay yo ak fidèl nan alyans maryaj yo. Pou nou menm, konsèp onètete fondamantal la baze sou lavi ak ansèyman Sovè a. Onètete se yon karateristik valab tou nan plizyè relijyon ak nan listwa. Powèt, Robert Burns, te di: “Yon moun onèt se travay ki pi nòb Bondye.”<sup>21</sup> Nan prèske chak egzant, moun lafwa yo santi ke yo gen responsablite devan Senyè a pou yo rete onèt. Sa sete rezon k te fè mesye a nan Kalifòni an te repanti pou ansyen zak malonèt li yo.

Nan yon seremoni diplòm ane pase, Clayton Christensen, yon pwofesè nan Harvard ak yon dirijan nan Legliz la, te pataje yon istwa vrè sou yon kòlèg nan yon lòt peyi ki te etidyé demokrasi. Zanmi sa a te etone sou jan relijyon te kapitalman enpòtan pou demokrasi. Li te montre ke nan sosyete kote yo anseye sitwayen yo byen bonè pou yo santi yo responsab devan Bondye pou onètete ak entegrite, y ap konfòme yo ak règleman ak pratik k ap ankouraje ideyal demokratik menmsi yo inaplikab. Nan sosyete kote yo pa fè sa yo, pa ka gen ase polis pou fè respekte konpòtman onèt.<sup>22</sup>

Klèman, vèti moral avèk respè pou onètete kapab jwe yon wòl siyifikan nan etabli limyè ak verite ak nan amelyore sosyete epi sa ta dwe apresye pa moun ki pa gen lafwa nan Jezikri yo.

### **Trete tout pitit Bondye antanke frè ak sè**

Yon dezyèm egzant sou kijan lafwa relijye pote benefis pou sosyete epi pote limyè pou mond lan se wòl relijyon nan trete tout pitit Bondye yo antanke frè ak sè.

Anpil enstitisyon baze sou lafwa nan de dènye syèk yo te toujou devan nan lonje lamen pou pote sekou bay moun ki te anba sikonstans kriyèl paske yo manm enstitisyon sa yo kwè ke tout moun fèt pòtre ak Bondye.<sup>23</sup> William Wilberforce, gwo òmdeta Anglè a ki te yon enstriman nan kondane komès esklav nan

Grande-Bretagne la, se yon gwo egzanp.<sup>24</sup> “Amazing Grace”, chan touchan sa a, ak fim enspire a ki gen menm non an, kapte santiman kòmansman ane 1800 yo epi dekri resi konsènan efò ewoyik li. Efò san rete Wilberforce yo te nan pami premye etap ki te mennen nan elimine pratik terib, opresan, kriyèl, ak kowonpi sa a. Kòm pati efò sa a, ansam avèk lòt lidè yo, li te kòmanse refòme moralite piblik la. Li te kwè ke ledikasyon ak gouvènman an te dwe gen baz moral.<sup>25</sup> “Vizyon li ... konsènan moral ak anrichisman espirityèl se te tout vi li, keseswa nan defann enstitisyon maryaj la, atake pratik komès esklav oubyen enèjikman defann jou Saba a.”<sup>26</sup> Avèk tout enèji li li te ede mobilize dirijan moral ak sosyal yo nan peyi a nan yon lit nasyonal kont vis.<sup>27</sup>

Nan kòmansman istwa Legliz la, gwo majorite manm nou yo te kont esklavaj.<sup>28</sup> Sete yon rezon siyifikan, ansam avèk kwayans reliye yo, pou ostilite ak vyolans kolektif yo te sibi yo te rive jis nan lòd ekstèminasyon ki te pibliye pa Gouvènè Boggs nan Missouri a.<sup>29</sup> An 1833, Joseph Smith te resevwa yon revelasyon ki te deklare: “Li pa jis pou okenn moun ta nan esklavaj youn anba lòt.”<sup>30</sup> Angajman nou nan libète reliyon ak trete tout moun antanke ptit gason ak ptit fi Bondye se santral doktrin nou.

Sa yo se sèlman kèk egzanp sou fason valè ki baze sou lafwa yo se fondasyon ki grandman beni sosyete. Gen anpil lòt. Nou dwe patisipe pou tèt pa nou epi sipòte moun karaktè ak entegrite yo pou ede reetabli valè moral yo ki pral beni tout kominate a.

Kite m di nou ke yo bezwen tandem tout vwa nan deba piblik yo. Yo pa dwe toufe ni vwa reliye yo ni vwa layik yo. Epitou, nou pa dwe atann, palefèt ke kèk nan pwendvi nou soti nan prensip reliye, yo pral otomatikman aksepte yo oubyen ba yo preferans. Men li klè tou ke kalite pwendvi ak valè sa yo merite pou yo evalye yo selon merit yo.

Fondasyon moral doktrin nou an kapab yon reyon limyè pou mond lan epi li ka yon fòs inyon pou moralite ansam ak lafwa nan Jezikri. Nou bezwen pwoteje fanmi nou epi nou bezwen devan ansam avèk tout moun gen bòn volonte pou fè tout sa nou kapab pou prezève limyè, lespwa, ak moralite nan kominate nou yo.

Si nou viv ak pwoklame prensip sa yo, n ap vin moun k ap suiv Jezikri ki se vrè Limyè Mond lan. Nou kapab yon fòs pou lajistis nan prepare pou Dezyèm Vini Senyè nou ak Sovè nou an, Jezikri. N ap tann bèl jou sa a kote “moun lib pral chante lè limyè yo retounen ankò nan tout mond lan.”<sup>31</sup> Nan non sakre Jezikri, amèn.

## Nòt

1. Gade Richard Hough and Denis Richards, *The Battle of Britain: The Greatest Air Battle of World War II* (1989), 264.
2. Attributed to Sir Edward Grey. Gade “When the Lights Go On Again (All over the World),” wikipedia.org.
3. Gade Doktrin ak Alyans 88:11–13. Limyè Kris la se “limyè ki nan tout bagay, limyè ki bay tout bagay lavi, ki se lalwa ki gouvènè tout bagay” (vèchè 13). Pou yon pi bon konpreyansyon sou Limyè Kris la ak diferans ant Limyè Kris la ak Sentespri a, gade Boyd K. Packer, “The Light of Christ,” *Liahona*, Avr. 2005, 8–14.
4. Mowoni 7:19.
5. Gade Jacques Barzun, *From Dawn to Decadence: 500 Years of Western Cultural Life* (2000), 798.

6. Atik Lafwa 1:13.
7. Matye 5:16.
8. Roger B. Porter, “Seek Ye First the Kingdom of God” (talk given at Cambridge University Ward, Cambridge Massachusetts Stake, Sept. 13, 2009).
9. Mòmon 6:17.
10. Mòmon 8:3.
11. Gade John Micklethwait and Adrian Wooldridge, *God Is Back: How the Global Revival of Faith Is Changing the World* (2009).
12. Gade Diana Butler Bass, “Peace, Love and Understanding” (review of *God Is Back*, by John Micklethwait and Adrian Wooldridge), *Washington Post National Weekly Edition*, Jul. 27–Aug. 2, 2009, 39.
13. Gade David D. Kirkpatrick, “The Right Hand of the Fathers,” *New York Times Magazine*, Dec. 20, 2009, 27.
14. Gade Kirkpatrick, “The Right Hand of the Fathers,” 27. Robert P. George teaches that either we have moral reason and free choice or we have amorality and determinism.
15. Doktrin ak Alyans 84:46.
16. Doktrin ak Alyans 84:48.
17. Boyd K. Packer, *Liahona*, Apr. 2005, 8.
18. Mozya 29:26–27.
19. Gade Margaret Somerville, “Should Religion Influence Policy?”  
[www.themarknews.com/articles/1535-should-religion-influence-policy](http://www.themarknews.com/articles/1535-should-religion-influence-policy).
20. Gade Zhao Xiao, “Market Economies with Churches and Market Economies without Churches,” 2002, [www.danwei.org/business/churches\\_and\\_the\\_market\\_econom.php](http://www.danwei.org/business/churches_and_the_market_econom.php). This Chinese government economist argues that a moral underpinning is necessary to prevent people from lying and injuring others.
21. “The Cotter’s Saturday Night,” in *Poems by Robert Burns* (1811), 191.
22. Gade Clayton M. Christensen, “The Importance of Asking the Right Questions” (commencement speech, Southern New Hampshire University, Manchester, N.H., May 16, 2009).
23. Gade Jenèz 1:26.
24. Gade William Hague, *William Wilberforce: The Life of the Great Anti-Slave Trade Campaigner* (2007), 352–56.
25. Gade Hague, *William Wilberforce*, 104–5.
26. Hague, *William Wilberforce*, 513.
27. Gade Hague, *William Wilberforce*, 107–8.
28. Gade James B. Allen and Glen M. Leonard, *The Story of the Latter-day Saints*, 2nd ed. (1992), 93, 120, 202.
29. Gade Leonard J. Arrington and Davis Bitton, *The Mormon Experience: A History of the Latter-day Saints*, 2nd ed. (1992), 48–51; see also Clyde A. Milner and others, *The Oxford History of the American West* (1994), 362: “Proslavery settlers and politicians persecuted them mercilessly.”
30. Doktrin ak Alyans 101:79.

31. Dène fraz nan chante “When the Lights Go On Again (All over the World).”